



Sibvansyon pou Estabilizasyon Gadri Timoun yo la! Sèvi ak lajan sibvansyon sa a pou fè amelyorasyon nan pwogram ou an oswa ede li refè anba ijans sante piblik COVID-19 la.

Sibvansyon sa yo se yon investisman istorik nan domèn gadri timoun. Pwofite opòtinite inik sa a epi aplike!

Opsyon: Ekipman Pwoteksyon Pèsonèl (Personal Protective Equipment, PPE), Pwodui ak Sèvis pou Netwayaj ak Sanitè, oswa Fòmasyon

Sèvi ak lajan sibvansyon nan opsyon sa a pou peye pou bagay tankou:

- Ekipman pwoteksyon pèsonèl (gan, mask, tèmomèt dijital, pwotèj figi, chanje papye tab, elatriye)
- Pwodui ak sèvis pou netwayaj ak sanitè (sèvyèt netwayaj/dezenfekte, sistèm vantilasyon, aspiratè, machin pou lave/seche rad, klowòks, dezenfektan men, boutèy espre, sèvyèt papye, savon, sache fatra, sèvis netwayaj ak sanitè pwofesyonèl, sèvis netwayaj endepandan, elatriye)
- Fòmasyon ak devlopman pwofesyonèl sou pratik sante ak sekirite (fòmasyon OCFS apwouve sou kondisyon sante ak sekirite ak pi bon pratik, Fòmasyon ECETP sou Sante ak Sekirite ak Administrasyon Medikaman, elatriye)

Pa bliye dokimante!

- Ou pa bezwen voye resi oswa fakti, men ou **DWE** dokimante kijan ou depanse lajan sibvansyon ou an.
- Ou dwe kenbe resi ou yo ak dokiman dosye a, nan yon katab oswa yon fason elektwonik, pou omwen senk (5) lane.

Ki kote mwen dwe ale pou aplikasyon an, pou plis enfòmasyon, ak mizajou?

- Sit Entènèt Sant Èd Estabilizasyon an (aplikasyon/vidèyo sou entènèt ki dekri tout 8 opsyon yo): ocfs.ny.gov/childcare-stabilization/
- Ajans lokal Resous ak Referans sou zafè Gadri Timoun ou an: ocfs.ny.gov/programs/childcare/referral-agencies.php
- Sosyete Lojman ak Devlopman Ekonomik pou Fanm: whedco.org
- Ajans enskripsyon w lan (Enrollment Agency, EA)
- Reprizantan sendika w la